



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

2011-2012

ANE ESKOLÈ VPK



Kimoun:

Timoun ki gen kat (4) ane apati premye (1) septanm 2011 (ki fèt 2 septanm 2006 - 1ye septanm 2007) paran yo kapab itilize yon Sètifika VPK swa pou yon ane eskolè 540 èd tan pwogram VPK a oswa yon pwogram 300 èd tan VPK pandan grannvakans, men pa toulède alafwa

Kisa:

3 èd tan pwogram gratis VPK (8:00 AM pou 11:00 AM); elèv VPK yo kalifye pou patisipe nan yon pati anrichisman pou jounen an, (11:00 AM pou 2:00 PM) ak opsyon pou yo benefisye de 2 èd tan anplis nan jounen an gratis (2:00 p.m. – 4:00 p.m.). VPK a ak pwogram anrichisman an ofri 6 èd tan pou jounen an;

Pri:

Distri a ofri de kalite Pwogram VPK:

1. **VPK distri a sibvansyone** Pwogram anrichisman – Paran yo pa peye anyen; fanmi yo dwe abite nan zòn lekòl la (rele 561- 434-8100 pou enfòmasyon sou zòn fontyè); lis definitif elèv yo ap baze sou tiraj osò.
2. **VPK/Paran peye** Pwogram anrichisman – Ni kesyon zòn, ni tiraj osò pa obligatwa; gen yon frè 115 dola pa semèn oswa fich sibvansyon pou kouvri pati anrichisman nan jounen an.

Ki dat:

Kòmanse avèk relouvèti lekòl la nan dat 22 out 2011.

Ki kote:

1. **Anrichisman VPK/Tit I Finanse**

→ **Dat limit Tiraj osò a: 25 avril 2011**

Belle Glade Elementary	Pine Grove Elementary
Benoist Farms Elementary	Roosevelt Elementary
Cholee Lakes Elementary	Starlight Cove Elementary
D.D. Eisenhower Elementary	U.B. Kinsey Elementary
Galaxy Elementary	Westward Elementary
Heritage Elementary	West Riviera Elementary
Highland Elementary	Wynnebrook Elementary
Hope-Centennial Elementary	
Indian Pines Elementary	
Lincoln Elementary	

2. **Paran/VPK/peye**

Acreage Pines Elementary
Berkshire Elementary
D.D. Eisenhower Elementary
Elbridge Gale Elementary
Early Learning Academy nan Boynton Beach High
Equestrian Trails Elementary
Grassy Waters Elementary
Greenacres Elementary
Manatee Elementary
North Palm Beach Elementary
Palm Beach Gardens Elementary
Panther Run Elementary
Sandpiper Shores Elementary

Nouvo: Lekòl elemantè Panther Run ofri sèlman 3 èd tan klas VPK GRATIS nan maten ak nan aprèmidi

Kòman:

1^{ye} etap: Pran yon sètifika nan VPK – Pote batistè ak prèv adrès pitit ou nan biwo "Family Central", ki nan 3111 S. Dixie Highway, Suite 142, WPB, 9:00 am -1:00pm., lendi-vandredi oswa nan yon aktivite kominotè Family Central òganize. Pou plis enfòmasyon, rele liy dirèk la (561) 653-2458 oswa vizite www.familycentral.org.

- **Enskripsyon espesyal Samdi 14 me, 10:00 a.m. – 2:00 p.m.**
Biwo santral Distri lekòl yo, 3300 Forest Hill Blvd., WPB

2^{ye} etap: Enskri nan lekòl la, epi pote dokiman sa yo:

1. Sètifika kalifikasyon VPK
2. Batistè timoun lan
3. De (2) prèv adrès
4. Fòm egzamen fizik (DH3040 koulè jòn)
5. Kat vaksen (DH680 koulè ble)

Pou tout dènye enfòmasyon, rele Department Early Childhood Education an nan (561) 969-5826 oswa vizite

www.palmbeachschools.org/preschool/index.asp